PNT. 02	Bambang Ruwidodarmo	Panatacara 03	L	64 tahun	Pensiunan PNS dan Panatacara	Tamanwinangun, Kebumen	Minggu, 08 Juli 2012 Jam 19.30-21.30

PEDOMAN WAWANCARA PANATACARA

Hari/ Tanggal :

Waktu :

Tempat :

Sasaran :

1. Asmanipun sinten?
2. Yuswanipun pinten?
3. Asalipun saking pundi?
4. Makaryo wonten pundi lan dados menapa?
5. Sampun pinten taun ngayahi dados panatacara?
6. Miturutipun Bapa, jangkeping rantaman adicara panggih menika menapa kemawon?
7. Adicara panggih ingkang baku menika esunipun dipun-wiwiti saking acara menapa? Dene alesanipun menapa?
8. Wonten ing papan sanes, kadhang wonten istilah “liru kalpika” lan “mapag besan”. Menika menapa Bapa? Lajeng wonten Kebumen piyambak menapa ugi wonten acara ingkang kados mekaten salebeting acara panggih?
9. Gantal menika estunipun menapa?
10. Gantal ingkang dipun-bekta kaliyan penganen kakung lan penganten putrid menika menapa wonten asmanipun? Lajeng menapa wonten maknanipun piyambak saking gantal menika?
11. Cacahipun gantal ingkang dipun-bekta kala wau menapa wonten cacahipun? Kakung kaliyan putrid menapa wonten bentenipun? Lan ugi menapa bakunipun kedah semanten cacahipun gantal menika?
12. Menapa kepareng menawi dipungantos kaliyan ubarampe sanesipun sinaosa taksih ngemu teges ingkang sami?
13. Gantal enika dipun-balangaken dhateng pundi mawon? Lajeng kenging menapa kok kedah dhateng ngrikanipun?
14. Maknanipun acara “balangan gantal” piyambak menika menapa?
15. Kenging menapa kok acara salajengipun dipunwastani “wiji dadi”? Lan menapa Makna saking acara “wiji dadi” piyambak?
16. Menapa kemawon bahan utawi ubarampe kagem “wiji dadi” menika?

17. Sindura piyambak menika menapa, kok warnipun abrit kaliyan pethak? Menapa wonten pralambang utawi maknanipun piyambak-piyambak?
18. Kenging menapa kok anggenipun mbekta sindur menika ingkang Rama, boten ingkang Ibu? Lajeng kenging menapa ugi kok posisinipun kang Rama boten nggandheng mawon penganten kekalih, malah kedah wonten ngajeng lan kang Ibu ugi boten sisihipun penganten nganthi mantenipun malah wonten wingkingipun penganten? Menapa wonten maknanipun?
19. Acara “bobot timbang” menika menapa?
20. Maknanipun menapa kok kedah dipunanakaken “bobot timbang”?
21. Kenging menapa wonten acara “tanem utawi tandur”? Lajeng maknanipun menapa?
22. Menapa ta acara “tampa guna kaya utawi kacar-kucur” menika?
23. Menapa mawon ubarampenipun “tampa guna kaya” menika?
24. Maknanipun acara “guna kaya” menika menapa?
25. Acara “kembul bujana andrawina utawi dhahar sekul walimahan” menika menapa? Lajeng makna utawi tegesipun acara menika menapa?
26. Acara “ngunjuk toya wening” menika menapa? Lajeng maknanipun menapa?
27. Menapa pareng menawi toya wening menika dipungantos kaliyan toya sanes (teh/ kopi)?
28. Acara “ngaraspada utawi sungkeman” menika acara ingkang kadospundi? Lajeng maknanipun menapa?
29. Kenging menapa sok wonten ingkang nglolos dhuwung lan mboten dipun-lolos saking manten kakung. Pundi ingkang leres lan kenging menapa kedah kados mekaten?

PEDOMAN WAWANCARA PENGANTIN

Hari/ Tanggal :

Waktu :

Tempat :

Sasaran :

1. Asmanipun sinten?
2. Aslinipun saking pundi?
3. Umuripun pinten?
4. Kerjanipun wonten pundi lan dados menapa?
5. Sampun nikah menapa dereng?
6. Menapa sampun nate duwe gawe mantu utawa manten wonten ing keluarga panjenengan?
7. Lajeng pas acara menika menapa ngagem acara “panggih utawa temon” menapa boten?
8. Menapa nate ndherek acara manten sing wonten panggih utawi temonipun? Tanggepan utawa pendapatipun panjenengan ngenani acarane temon menika priipun?
9. Menapa panjenengan mangertos artine “panggih” utawa “temon” menika?
10. Menapa panjenengan ugi mangertos menapa ingkang dipun-karepaken saking acara “panggih” utawa “temon” menika?
11. Menapa panjenengan mangertos utawa paham kaliyan panyandra ingkang dipunaturaken panatacara menika?
12. Menapa panjenengan mudheng lan dhong menapa mawon urutan-urutan acara ingkang dipun-candra dening panatacara menika?
13. Menapa panjenengan mangertos urutan-urutan acara ingkang dipunaturaken miturut panyandra saking panatacara menika?
14. Menapa panjenengan mangertos artine utawi maknaipun urutan-urutan acara panggih ingkang dipun-candra panatacara menika?
15. Menapa panjenengan nate ndherek acara manten ingkang wonten gedhong?
16. Bedanipun menapa kaliyan ingkang wonten ing dalem biasa menika?
17. Menurute panjenengan, langkung seneng ngrawuhi acara manten ingkang wonten gedhong menapa ingkang wonten dalem?
18. Menurute panjenengan langkung seneng ingkang wonten panatacaranipun kados dhalang manten menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biasane menika?

19. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten gedhong menapa ingkang naming wonten dalem mawon?
20. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten panatacaranipun ingkang kados dhalangmante menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biyasane mawon?

PEDOMAN WAWANCARA PERIAS PENGANTIN

Hari/ Tanggal :

Waktu :

Tempat :

Sasaran :

1. Asmanipun sinten?
2. Aslinipun saking pundi?
3. Umuripun pinten?
4. Sampun pinten tahun dados juru paes?
5. Kathah-kathahipun anggenipun makaryo menika naming ngerias mawon menapa ugi dherekaken temonipun pengantin wonten acara panggih pengantin menika?
6. Sampun nikah menapa dereng?
7. Lajeng pas acara mantenan menika menapa ngagem acara “panggih utawa temon” menapa boten?
8. Menapa nate ndherek acara mantenan sing wonten panggih utawi temonipun ananging sanes minangka juru paes? Tanggepan utawa pendapatipun panjenengan ngenani acarane temon menika priipun?
9. Menapa panjenengan mangertos artine “panggih” utawa “temon” menika?
10. Menapa panjenengan ugi mangertos menapa ingkang dipun-karepaken saking acara “panggih” utawa “temon” menika?
11. Menapa panjenengan mangertos utawa paham kaliyan panyandra ingkang dipunaturaken panatacara menika?
12. Menapa panjenengan mudheng lan dhong menapa mawon urutan-acara ingkang dipun-candra dening panatacara menika?
13. Menapa panjenengan mangertos urutan-acara ingkang dipunaturaken miturut panyandra saking panatacara menika?
14. Menapa panjenengan mangertos artine utawi maknanipun urutan-acara panggih ingkang dipun-candra panatacara menika?
15. Menapa panjenengan nate ndherek acara mantenan ingkang wonten gedhong?
16. Bedanipun menapa kaliyan ingkang wonten ing dalem biasa menika?
17. Menurute panjenengan, langkung seneng ngrawuhi acara mantenan ingkang wonten gedhong menapa ingkang wonten dalem?

18. Menurute panjenengan langkung seneng ingkang wonten panatacaranipun kados dhalang manten menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biasane menika?
19. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten gedhong menapa ingkang naming wonten dalem mawon?
20. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten panatacaranipun ingkang kados dhalangmante menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biyasane mawon?
21. Wonten Kebumen, katha-kathahipun juru paes menika estunipun mangertos menapa boten to kaliyan makna utawi tegesipun saking rantaman acara panggih menika?
22. Samangertosanipun panjenengan, juru paes wonten Kebumen menika menapa katha ingkang resmi dherek kursus menapa boten?

PEDOMAN WAWANCARA ORANG TUA PENGANTIN

Hari/ Tanggal :

Waktu :

Tempat :

Sasaran :

1. Asmanipun sinten?
2. Aslinipun saking pundi?
3. Umuripun pinten?
4. Kerjanipun wonten pundi lan dados menapa?
5. Sampun nikah menapa dereng?
6. Nalika pas dados penganten, menapa wonten acara temon utawi panggihipun?
7. Menurute panjenengan, priipun kesane antarane nglampahi piyambak kaliyan nek namung nonton acara temon menika?
8. Wonten bedane napa boten?
9. Keluarga kakung kan saking keluarga pendatang, otomatis adate ugi benten. Terus menapa nalika pas acara temon saged ngetutaken adat sing saking ngriki?
10. Menawi acara adat temon saking sing Kakung kaliyan adat temon saking ngriki menapa wonten bedane? Napa mawon niku bedane?
11. Menapa sampun nate duwe gawe mantu utawa manten wonten ing keluarga panjenengan?
12. Lajeng pas acara menika menapa ngagem acara “panggih utawa temon” menapa boten?
13. Menapa nate ndherek acara manten sing wonten panggih utawi temonipun? Tanggepan utawa pendapatipun panjenengan ngenani acarane temon menika priipun?
14. Menapa panjenengan mangertos artine “panggih” utawa “temon” menika?
15. Menapa panjenengan ugi mangertos menapa ingkang dipun-karepaken saking acara “panggih” utawa “temon” menika?
16. Menapa panjenengan mangertos utawa paham kaliyan panyandra ingkang dipunaturaken panatacara menika?
17. Menapa panjenengan mudheng lan dhong menapa mawon urutan-urutanane acara ingkang dipun-candra dening panatacara menika?
18. Menapa panjenengan mangertos urutan-urutanane acara ingkang dipunaturaken miturut panyandra saking panatacara menika?

19. Menapa panjenengan mangertos artine utawi maknanipun urutan acara panggih ingkang dipun-candra panatacara menika?
20. Menapa panjenengan nate ndherek acara manten ingkang wonten gedhong?
21. Bedanipun menapa kaliyan ingkang wonten ing dalem biasa menika?
22. Menurute panjenengan, langkung seneng ngrawuhi acara manten ingkang wonten gedhong menapa ingkang wonten dalem?
23. Menurute panjenengan langkung seneng ingkang wonten panatacaranipun kados dhalang manten menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biasane menika?
24. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten gedhong menapa ingkang naming wonten dalem mawon?
25. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten panatacaranipun ingkang kados dhalangmante menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biyasane mawon?

PEDOMAN WAWANCARA JURU FOTO PENGANTIN

Hari/ Tanggal :

Waktu :

Tempat :

Sasaran :

1. Asmanipun sinten?
2. Aslinipun saking pundi?
3. Umuripun pinten?
4. Kerjanipun wonten pundi lan dados menapa?
5. Sampun nikah menapa dereng?
6. Menapa sampun nate duwe gawe mantu utawa manten wonten ing keluarga panjenengan?
7. Lajeng pas acara menika menapa ngagem acara “panggih utawa temon” menapa boten?
8. Menapa nate ndherek acara manten sing wonten panggih utawi temonipun? Tanggepan utawa pendapatipun panjenengan ngenani acarane temon menika priipun?
9. Menapa panjenengan mangertos artine “panggih” utawa “temon” menika?
10. Menapa panjenengan ugi mangertos menapa ingkang dipun-karepaken saking acara “panggih” utawa “temon” menika?
11. Menapa panjenengan mangertos utawa paham kaliyan panyandra ingkang dipunaturaken panatacara menika?
12. Menapa panjenengan mudheng lan dhong menapa mawon urutan-urutan acara ingkang dipun-candra dening panatacara menika?
13. Menapa panjenengan mangertos urutan-urutan acara ingkang dipunaturaken miturut panyandra saking panatacara menika?
14. Menapa panjenengan mangertos artine utawi maknaipun urutan-urutan acara panggih ingkang dipun-candra panatacara menika?
15. Menapa panjenengan nate ndherek acara manten ingkang wonten gedhong?
16. Bedanipun menapa kaliyan ingkang wonten ing dalem biasa menika?
17. Menurute panjenengan, langkung seneng ngrawuhi acara manten ingkang wonten gedhong menapa ingkang wonten dalem?
18. Menurute panjenengan langkung seneng ingkang wonten panatacaranipun kados dhalang manten menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biasane menika?

19. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten gedhong menapa ingkang naming wonten dalem mawon?
20. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten panatacaranipun ingkang kados dhalangmante menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biyasane mawon?

PEDOMAN WAWANCARA TAMU UNDANGAN

Hari/ Tanggal :

Waktu :

Tempat :

Sasaran :

1. Asmanipun sinten?
2. Aslinipun saking pundi?
3. Umuripun pinten?
4. Kerjanipun wonten pundi lan dados menapa?
5. Sampun nikah menapa dereng?
6. Menapa sampun nate duwe gawe mantu utawa manten wonten ing keluarga panjenengan?
7. Lajeng pas acara menika menapa ngagem acara “panggih utawa temon” menapa boten?
8. Menapa nate ndherek acara manten sing wonten panggih utawi temonipun? Tanggepan utawa pendapatipun panjenengan ngenani acarane temon menika priipun?
9. Menapa panjenengan mangertos artine “panggih” utawa “temon” menika?
10. Menapa panjenengan ugi mangertos menapa ingkang dipun-karepaken saking acara “panggih” utawa “temon” menika?
11. Menapa panjenengan mangertos utawa paham kaliyan panyandra ingkang dipunaturaken panatacara menika?
12. Menapa panjenengan mudheng lan dhong menapa mawon urutan-urutan acara ingkang dipun-candra dening panatacara menika?
13. Menapa panjenengan mangertos urutan-urutan acara ingkang dipunaturaken miturut panyandra saking panatacara menika?
14. Menapa panjenengan mangertos artine utawi maknaipun urutan-urutan acara panggih ingkang dipun-candra panatacara menika?
15. Menapa panjenengan nate ndherek acara manten ingkang wonten gedhong?
16. Bedanipun menapa kaliyan ingkang wonten ing dalem biasa menika?
17. Menurute panjenengan, langkung seneng ngrawuhi acara manten ingkang wonten gedhong menapa ingkang wonten dalem?
18. Menurute panjenengan langkung seneng ingkang wonten panatacaranipun kados dhalang manten menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biasane menika?

19. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten gedhong menapa ingkang naming wonten dalem mawon?
20. Kinten-kinten menawi dipunsuwun milih, panjenengan utawa keluarganipun panjenengan menawi badhe nganakake manten, menika acaranipun manten langkung milih ingkang wonten panatacaranipun ingkang kados dhalangmante menika menapa ingkang naming bapak-bapak kados biyasane mawon?

HASIL WAWANCARA PANATACARA (PNT. 01)

Hari/ Tanggal : Sabtu, 20 Mei dan 09 Juni 2012
Waktu : Jam 19.30 – 21.30 WIB
Tempat : Desa Banyurata dan Desa Prumpung
Sasaran : Panatacara

Nanang : Asmanipun sinten?

PNT. 01 : Kula Bratasena

Nanang : Yuswanipun pinten?

PNT. 01 : Umur kula 47 tahun

Nanang : Asalipun saking pundi?

PNT. 01 : Asal kula saking Desa Candi, Plarangan, Karanganyar, Kebumen

Nanang : Makaryo wonten pundi lan dados menapa?

PNT. 01 : Kerjanipun dados MC/ Dukun nganten/ Panatacara

Nanang : Sampun pinten taun ngayahi dados panatacara?

PNT. 01 : Saurunge melu pawiyatan PERMADHANI kuwe wis dadi MC ana 10 tahunan, tapi sauwise melu pawiyatan terus dadi panatacara yo nembe 2 tahun mlaku lah.

Nanang : Miturutipun Bapa, jangkeping rantaman adicara panggih menika menapa kemawon?

PNT. 01 : Sing mlaku nang Kebumen kuwe jan-jane ya ana 3 warna: Gagrag Solo (Surakarta), Gagrag Jogja (Ngayogyakarta), karo Gagrag Banyumasan. Ning sing sering tek lakoni ya sing Gagrag Solo, mergane sekang latihan ning pawiyatan sing dienggo ya sekang Gagrag Solo kuwe.

³ Jangkep acarane ya kurang lewih kaya kiye:

┌ **pambukaning acara (saka panatacara dhewek ngaturaken susunan acara sing bakal kalampahan)**

┌ **miyosipun Penganten Putri saking sasana busana**

┌ **miyosipun Penganten Kakung saking wisma palereman kalajengaken panggih**

┌ **adicacara panggih Manten:**

└ **Balangan gantal**

└ **Ngidak tigan utawi Wiji dadi kalajengaken Ngabhekten mbasuh samparan**

└ **Sindhuran**

└ **Bobot timbang utawi Pangkon**

└ **Tanem utawi Tandur (nglenggahaken manten)**

└ **Kacar-kucur utawi Guna Kaya**

- ◁ Dhahar sekul walimahan (sekul sekepel) utawi Kembul Bujana Andrawina
- ◁ Ngunjuk toya wening
- ◁ Ngabhekten utawi Sungkeman
- ◁ Pethuk Besan
- ◁ Dipunselani “pethik citra”
- ◁ Lung-Tinampen utawi Pasrah-Panampi
- ◁ Kiran angka 1 (Kirab Kanarendran)
- ◁ Kirab angka 2 (kirab Kasatriyan)
- ◁ Hastungkara utawi Panutup kathi dedonga.

Nanang : Adicara panggih ingkang baku menika esunipun dipun-wiwiti saking acara menapa? Dene alesanipun menapa?

PNT. 01 : Sing baku ning acara panggih dhewek miturut pawiyatan ya sing sekang acara “penganten putri miyos saking sasana busana” kuwe, ning yen adicara panggih kuwe wiwite ya sekang “balangan gantal” mau.

Alesane gampangane saben-saben acara mesthi ana pembuka terus inti lan ana pungkase to. Lha kiye acara pembukane panggih ya dimulai sekang acara “miyose penganten putri saking sasana busana” kuwe mau. Ning sing dikarepake sekang acara panggih dhewek kuwe ya dimulai sekang acara “balangan gantal” kuwe.

Nanang : Wonten ing papan sanes, kadhang wonten istilah “liru kalpika” lan “mapag besan”. Menika menapa Bapa? Lajeng wonten Kebumen piyambak menapa ugi wonten acara ingkang kados mekaten salebeting acara panggih?

PNT. 01 : Liru kalpika kuwe bahasa kerene tukar cincin, sing maune ana ning driji manis kiri dipindhah ning driji manis kanan. Biasane diacarani sabare acara Tanem ning acara panggih. Tapi nek ning Kebumen siki wis ora ana. Akeh-akehe ya wes dileksanakaken bareng bar ijab. Alesane ya ben kepenak, kan ora mbutuhake wektu maning karo maning ben ora kesuwen mengkone pas ning acara panggih. Ngarah praktise sih biasane padha.

Nek Mapag Besan ya padha, salah sijine acara ning njerone acara panggih juga. Biasane kuwe acarane dianakake sawise “ngunjuk Toya Wening”. Dadi acarane kuwe wong tuwa sekang Manten Putri njemput besane sing tesih ana ning papan palereman mau kon melu ning pelaminan bareng mantene. Acara kiye juga nin Kebumen wis jarang anane, awit biasane mapag besan kuwe mbutuhake wektu lumayan suwe dadi wis jarang. Padha emoh lan padha males acarane mbok dadi kesuwen.

Nanang : Gantal menika estunipun menapa?

PNT. 01 : Gantal kuwe rupa godhong suruh sing dilinting utawa dijiret karo benang lawe. Isine gantal kuwe mau ana jambe (bunga pinang), apu utawa enjet (kapur), gambir, lan mbako ireng. Nek jaman mbiyen kuwe isine kumplit, kabeh ana. Ning siki wis jarang gole nggolet lan wis padha males gole ngolet juga dadine isine gantal kuwe wis ora kumplit. Penting wis bisa dijenengi gantal baen wis amanlah, daripada ora ana kan malah dadi ora apik. Jarene siki kaya kuwe padha.

Nanang : *Gantal ingkang dipun-bekta kaliyan penganten kakung lan penganten putri menika menapa wonten asmanipun? Lajeng menapa wonten maknanipun piyambak saking gantal menika?*

PNT. 01 : Gantal sing digawa ning Manten Kakung kuwe jenenge “Gondhang Tuter”. Maknane jejering guru laki (wong lanang) wajib kudu aweh pitutur karo wong wadon utawa bojo ne. Sing digawa ning Manten Putrine jenenge “Gondhang Kasih”. Maknane wong wadon wajib ya nampa pitutur sekang wong lanang sing linambaran sih katresnan (asung kasih katresnan).

Nanang : *Cacahipun gantal ingkang dipun-bekta kala wau menapa wonten cacahipun? Kakung kaliyan putrid menapa wonten bentenipun? Lan ugi menapa bakunipun kedah semanten cacahipun gantal menika?*

PNT. 01 : Cacahe utawa jumlah gantal sing kudu digawa nin manten Kakung karo Manten Putri kuwe padha, cacah ana 3 gantal. Nek kudu cacah 3 apa pira kuwe Bapak dhewek ya durung paham, tegese Bapak dhewek durung takon maning meng wong kasepuhan ning pawiyatan. Ning sing tek lakoni ning pawiwahan kuwe ya 3, alesane ya 3 kuwe kan angkane wong Islam. Ganjil-ganjil. Wong Islam jare nek genep kuwe ora apik. Digawe ganjil jare ben bisa ana sing dadi “penyeimbang” kaya kuwe mbok ya.

Nanang : *Menapa kepareng menawi dipungantos kaliyan ubarampe sanesipun sinaosa taksih ngemu teges ingkang sami?*

PNT. 01 : Waduw...sekang aku pribadhi ya ora kena. Ora kena diganti-ganti, mengko bakalane beda makna utawa bakal beda maning pandongane kanggone penganten. Dadi ora lazim juga mengko. Lha wong gantal kuwe kan dikarepake suruh sing matemu rose, sing bisa dadi pralampita kanggone manten supaya bisa kaya suruh sing nyawiji ning rose, nyawiji ning ati lan uripe. Angel lho nggolet suruh sing pethuk rose. Kaya wong jejodhowan kan kaya kuwe juga. Suwe lan adoh gole nggolet tekan ngendi-ngendi ora, jebul ning jodhone malah ning kene dhewek. Sing maune kanca malah dadi bojo. Lha nek diganti karo liyane mengko bakal dadi lambang kepriwe jal?. Ora apik kan?.

Nanang : Gantal menika dipun-balangaken dhateng pundi mawon? Lajeng kenging menapa kok kedah dhateng ngrikanipun?

PNT. 01 : Gantal sing digawa ning sing lanang kuwe dibalangaken meng wentis putri (pupu/ kempol sing wadon). Kuwe nduweni teges sing wadon kudu bisa njaga kabeh pitutur sing wong lanang wis weneh na.

Gantal sing digawa ning Manten Wadon kuwe dibalangaken meng jaja kakungipun (dhadha sing lanang). Nduweni teges panguripaning ati, si manten wadon wis duwe tekad kanggo ngewehi sih katresnane meng sing lanang.

Nanang : Maknanipun acara “balangan gantal” piyambak menika menapa?

PNT. 01 : Maknane ya “jejering wong lanang kuwe wajibe paring pitutur, awesh bimbingan karo sing wadon. Dene wong wadon sing dibalang kudune ya nampa pitutur mau karo ati sing linambaran sih katresnan mau”.

Nanang : Kenging menapa kok acara salajengipun dipunwastani “wiji dadi”? Lan menapa Makna saking acara “wiji dadi” piyambak?

PNT. 01 : Wiji dadi kuwe jane pralambang panguripan kanggone manten loro sing nduweni kekarepan:

┌ **Ing pangangkah muga-muga manten loro sawise urip bebrayan sigra ulih momongan utawa duwe anak**

┌ **Pecah utawa mlethek pikire, dadi manten loro wis ora ulih maning mikir sing kaya pas tesih dhewek-dhewek. Manten loro kudu mikir bareng nggo ati bareng-bareng kanggo nguripi ning alam bebrayan**

┌ **Mbiyen ora ana terus ana dadi ora ana maning. Kekarepane yakuwi manten loro kudu kelingan karo urip, maune ora ana sing durung laire kabeh terus dadi ana merga lair lan ngesuke bakale mati.**

Nanang : Menapa kemawon bahan utawi ubarampe kagem “wiji dadi” menika?

PNT. 01 : Jelase ya ana endog ayam kampung lan kembang 3 warna (tri puspita): Melati, Kantil, Mawar. Melati nggo simbol muga anggone padha jejodhowan tansah linambaran ati kang suci. Kantil simbole muga-muga tetep dadi pengeling-eling marang mantene utawa jodhone. Mawar nduwe teges muga-muga tetepa urip wangipatrape, ora duwe sifat elek sekang uripe tekan matine.

Nanang : Sinduran piyambak menika menapa, kok warninipun abrit kaliyan pethak? Menapa wonten pralambang utawi maknanipun piyambak-piyambak?

PNT. 01 : Sindur utawa “isin lamon ta mundur” kuwi awujud kain warna abang karo putih. Werna sing dijupuk abang karo putih merga nduweni teges sing apik kanggone manten karone. Werna abang

kuwe nduweni teges mujudake wani marang bebener, wedi marang kanisthan. Nengenaken mring reh kabecikan, nyingkirake mring kanisthan. Dene werna putih kuwe simbol ati kang suci, jumbuh karo gula klapa.

Nanang : Kenging menapa kok anggenipun mbekta sindur menika ingkang Rama, boten ingkang Ibu? Lajeng kenging menapa ugi kok posisinipun kang Rama boten nggandheng mawon penganten kekalih, malah kedah wonten ngajeng lan kang Ibu ugi boten sisihipun penganten nganthi mantenipun malah wonten wingkingipun penganten? Menapa wonten maknanipun?

PNT. 01 : Sing nggawa sindur kuwe Bapake manten wedon ya mergane sing duweni hajat kuwe sekang pihak wedon. Bapak juga dadi simbol priyayi sing bakalane asung tuladha nuntun ing kabecikan. Dene Ibu kuwe dadi panjurunge apa sing Bapake kersakaken, ing pangajab muga bisa terus hatutwuri handayani. Jenenge wong wadon kan kudune manut apa kang dadi putusane sing Bapake.

Nanang : Acara “bobot timbang” menika menapa?

PNT. 01 : Bobot timbang ya acara timbangan manten ning keluwargane. Manten Putri mapan ning pupu kiri Bapake dhewek lan Manten Kakung ana ning pupu kanan Bapak marasepuh. Acara kiye ya sebenere mung nggo dadi pralambang nek anak mantu karo anake dhewek kuwe kudu dipadhakna, mergane kan wis dadi anake dhewek. Kaya kuwe Dhik.

Nanang : Maknanipun menapa kok kedah dipunanakaken “bobot timbang”?

PNT. 01 : Sebenere kiye mung dadi kaya pasemon supados tiyang sepuh boten kepareng nggadhahi pamanggih “emban cindhe emban siladan” ing antawisipun putra piyambak kaliyan putra mantu. Teges emban cindhe kan emban sing bahane sekang kain nggo mbopong bocah mbiyen pas lagi cilikane si Manten Putri, nek emban siladan kan tegese emban sing bahane sekang welad (lading utawa wilahan pring) sing bakalane dienggo mbopong anak mantu. Masa iya ana bedane antarane anake dhewek karo anak mantu, kan ora kena. Mula kiye digambaraken karo emban cindhe lan emban siladan.

Nanang : Kenging menapa wonten acara “tanem utawi tandur”? Lajeng maknanipun menapa?

PNT. 01 : Acara Tandur Manten kuwe dianakake merga nduweni teges nggo pengeling-eling kanggone mantene nek wong tuwane sakloron senajan siki anake wis ngancik dhewasa lan wis mangun bale griya, nin kuwajibane wong tuwa kudu mapanaken/ ngglenggahaken putra-putrine sing samurwat utawa sepadhan karo kemampuan anake. Wong tuwa sakloron wis siyap ngecul

manten loro nggo urip bebrayan. Tanggung jawab terakhir sekang wong tuwa ya mapanaken anak-anake nalikane wis siyap urip dhewek ning alam bebrayan, mula iku ana acara tanem utawi tandur.

Nanang : Menapa ta acara “tampa guna kaya utawi kacar-kucur” menika?

PNT. 01 : Acara guna kaya kuwe acara ngewehke banda sing wis digolet ning sing lanang terus ditampa ning sing wadon.

Nanang : Menapa mawon ubarampenipun “tampa guna kaya” menika?

PNT. 01 : Isine ya macem-macem. Ana dhuwit receh, beras, kacang kawak, dhele kawak, lan liya-liyane

Nanang : Maknanipun acara “guna kaya” menika menapa?

PNT. 01 : Maknane ya dadi wong lanang kudu ngupadi panguripan (kon kerja/ kon nggolet panguripan) mengko nek wis ulih kudu dipasrahake ning sing wadon, sewalike sing wadon juga kudu bisa nampa peparinge wong lanang lan kudu bisa nggunakaken miturut kebutuhane. Ora kena ndremimil apa maning nganti ngeluh, ora ketang mung saithik ning kudu bisa nampa.

Nek wis entuk terus diparingaken ning mara sepuh ya Bapak-Ibune dhewek. Nduweni teges nek mantene wis nduweni kemampuan lan kekuwatan sing awujud kasil panguripan kanggone urip lan juga nek sawektu si manten wis duwe kalodhangan utawa lewih ya tetep kudu kelingan karo Bapa-Ibu, ya wong tuwa sakloron.

Nanang : Acara “kembul bujana andrawina utawi dhahar sekul walimahan” menika menapa? Lajeng makna utawi tegesipun acara menika menapa?

PNT. 01 : Acarane kuwi ya dulang-dulangane Manten Kakung karo Manten Putri ning pelaminan. Dulang-dulangane kuwe ora sembarangan, ora kaya dulang-dulangan pas kaya pacaran kae. Dulangan-dulangan sing kiye ana carane dhewek. Manten Kakung gole njukut sega ning piring utawa ajange kuwe kudu dikepel nggo tangan kanane dhewek, ora kena nggo sendhok apa liyane. Cacahe kepelan sega mau ana 2 (loro), siji nggo sing Kakung, sijine nggo sing Putri. Nek wes terus padha dulangan sega sekepel mau, sing lanang ndulangaken segane ning sing wedon, sing wedon juga sewalike.

Maknane jejering wong lanang kudu ngayomi wong wadon utawa keluwargane, sewalike juga wong wadon kudu leladi (ngladheni) karo wong lanang ya garwane.

Nanang : Acara “ngunjuk toya wening” menika menapa? Lajeng maknanipun menapa?

PNT. 01 : Ya kaya jenenge, manten lorone padha ngunjuk toya bening sing asale sekang kendhi pratala (kendhi lemah). Nggone ngunjuk kuwe kadhang ana sing langsung sekang kendhine dicucup kaya tani ning sawah, kadhang juga ana sing nggo cangkir. Maknane muga samubarang ingkang badhe kalampahan sadangunipun gesang bebrayan kedah linambaran wening ing pikir. Saben ana perkara ning mburi bakalane kudu tetep dipikir karo ati sing bening, ora kena karo emosi apa malah karo nesunesu. Kudu lewat ati sing bener-bener wis dipikir karo menebing ati, dadi kasile juga apik.

Nanang : *Menapa pareng menawi toya wening menika dipungantos kaliyan toya sanes (teh/ kopi)?*

PNT. 01 : Wah...iku jelas nyalahi nek kaya kuwe. Ya tetep ora kena diganti banyu liyane. Mengko nek diganti terus dadi apa kuwe mantene, semrawut mengkone maknane. Ora kena, dudu renggepe.

Nanang : *Acara “ngaraspada utawi sungkeman” menika acara ingkang kadospundi? Lajeng maknanipun menapa?*

PNT. 01 : Ngaraspada utawi sungkeman kuwe ya kaya sing biyasane kae lah. Sungkem njaluk pangestu meng wong tuwane loro nek Manten sakloron wis bakal urip bareng-bareng, pisah karo wong tuwa, iya kan?. Tansah kelingan karo wong tuwane nek mbiyen wis dikandhut ning Ibu lan dirawat tekan gedhe, mula siki ora kena lali lan tetep kudu bhekti karo wong tuwa. Maknane ya (1) si manten kudu tetepa bhekti meng wong tuwane sanajan bakalane arep adoh apa cedhak, (2) si manten njaluk pengestu karo wong tuwa kabeh nggo uripe mbesuke.

Nanang : *Kening menapa sok wonten ingkang nglolos dhuwung lan mboten dipun-lolos saking manten kakung. Pundi ingkang leres lan kening menapa kedah kados mekaten?*

PNT. 01 : Jane sing bener kuwe kudu nglolos dhuwung utawa kerise. Iku pralambang kanggone wong lanang, mbuh kuwe wis dadi raja sekalipun nek arep sungkem karo wong tuwa yo kudu mbalik nek awake kuwe dudu apa-apane ning ngarepe wong tuwa. Kudu nanggalake drajat lan pangkat nek kepengin ora dianggep angkuh apa maning nganti semugih ning ngarepe wong tuwa.

HASIL WAWANCARA PANATACARA (PNT. 02)

Hari/ Tanggal : Minggu, 08 Juli 2012
Waktu : Jam 19.30 – 21.30 WIB
Tempat : Desa Kutowinangun
Sasaran : Panatacara

Nanang : Asmanipun sinten?

PNT. 02 : Kula Bambang Ruwidodarmo

Nanang : Yuswanipun pinten?

PNT. 02 : Umur kula 64 tahun

Nanang : Asalipun saking pundi?

PNT. 02 : Asal kula saking Desa Tamanwinangun, Kebumen

Nanang : Makaryo wonten pundi lan dados menapa?

PNT. 02 : Kerjanipun kula nggih namung dados Panatacara, wong kula menika pensiunan PNS.

Nanang : Sampun pinten taun ngayahi dados panatacara?

PNT. 02 : Nek dadi panatacara wes 18 tahun. Sadurunge dadi panatacara iku mulang ana SMP ing Cilacap

Nanang : Miturutipun Bapa, jangkeping rantaman adicara panggih menika menapa kemawon?

PNT. 02 : Jangkep acarane ya kurang lewihe:

- Ø diwiwiti saking miyosipun Penganten Putri saking sasana busana lenggah ing sasana pinajang
- Ø manten kakung rawuh saking wisma palereman tumuju ing kori pahargyan kalajengaken panggih
- Ø nembe mlebu adicara adat panggih Manten:
 - ┆ Balangan sadak utawi gantal utawi suruh
 - ┆ Ngidak antiga utawi ngidak tigan
 - ┆ Manten putri mijiki samparanipun Manten Kakung
 - ┆ Sindhuran
 - ┆ Bapak Penganten Putri nuntun Penganten saking ngajeng lan Ibu dherekaken Penganten saking wingkingipun penganten sarimbit
 - ┆ Bobot timbang utawi Pangkon
 - ┆ Tanem utawi Tandur (nglenggahaken manten)
 - ┆ Kacar-kucur utawi Guna Kaya
 - ┆ Dhahar Klimah (sekul sekepel) utawi Kembul Bujana Andrawina
 - ┆ Ngunjuk toya wening

- ┆ Ngabhekten utawi Sungkeman
- ┆ Kapundhut gambar
- ┆ Hastungkara utawi Panutup kathi dedonga.

Nanang : Adicara panggih ingkang baku menika esunipun dipun-wiwiti saking acara menapa? Dene alesanipun menapa?

PNT. 02 : Ingkang baku saking acara panggih miturut pawiyatan nggih saking acara “penganten putri miyos saking sasana busana” menika ngantos dumugi pungkasing acara, nanging yen adicara adat panggih kuwi diwiwiti saking acara “balangan gantal” mau. Alesane nggih saben acara kan wonten runtut acaranane, ana renggep acara sing wis diatur. Nah manten uga ngono, ana pambukaning acara panggih terus ana maneh pembukaning acara adat panggih.

Nanang : Wonten ing papan sanes, kadhang wonten istilah “liru kalpika” lan “mapag besan”. Menika menapa Bapa? Lajeng wonten Kebumen piyambak menapa ugi wonten acara ingkang kados mekaten salebeting acara panggih?

PNT. 02 : Ning Kebumen ya tesih ana. Liru kalpika menika mlebet ing acara akad nikah. Sasampunipun acara akad nikah cekap lajeng penyerahan buku nikah lajeng liru kalpika. Ning ora kabeh. Yen manten menghendaki ana cara liru kalpika yo diacarani sasampunipun serah terima buku nikah utawa ijab. Nek Mapag Besan menika wontene ing adicara saderenge sungkeman yaiku sabare sinduran lan tamen manten terus nembe kalajengaken methuk besan. Nin kebumen yo manut panatacara nek kepengin apa ora ne. Ora mesti saben-saben daerah iku wonten.

Nanang : Gantal menika estunipun menapa?

PNT. 02 : Gantal kuwi rupa godhong suruh, jarwokandhane kuwi ‘kesusu kepengin weruh’. Maknane sebenere suruh kuwi kan beda lumah lan kurebe. Ana sisih sing kasar uga ana sing alus, dadi sing sisih ngisor kuwi pralambang kanggo sing Putri lan sisih dhuwure kuwi pralambang kanggo sing Kakung.

Nanang : Gantal ingkang dipun-bekta kaliyan penganten kakung lan penganten putri menika menapa wonten asmanipun? Lajeng menapa wonten maknanipun piyambak saking gantal menika?

PNT. 02 : Gantal kuwi yo ora ana jenenge. Gantal lanang karo sing wedon yo ora ana jenenge. Merga ora ana pakem saka kanane. Dene maknane yo kuwi mau. Mung ana pakem ‘lumah lan kurebe iku beda’ iku pakeme.

Nanang : Cacahipun gantal ingkang dipun-bekta kala wau menapa wonten cacahipun? Kakung kaliyan putrid menapa wonten bentenipun? Lan ugi menapa bakunipun kedah semanten cacahipun gantal menika?

PNT. 02 : Iku kanggo lanang karo wedok iku padha wae, cacahé 3 ya yen ana, yen ora ana ya 1 wae cukup. Mengko dibalangaken ana ing dhadha. Ora ana pakem sing kudu dianut. Saiki kan golek suruh sing pethuk rose apa maning, kan angel golete. Ya yen bisa golet 3 apik kabeh ya dadi 3 gantal, ning yen ora ya 1 wae cukup.

Nanang : Menapa kemawon bahan utawi srana ubarampenipun kagem acara Wiji Dadi?

PNT. 02 : Wiji dadi menika dumadi saking tigan kang diparingake ing sangingiling sekar sawur (mawar, melati). Ngemu teges sekar kan wangi, tigan kan digambarake karo anak. Mula duwe karep besuk anakke bisa sekolahe pinter, bisa ngormati wong tuwa, lan bisa dadi anak sing bisa mendhem jero mikul dhuwur kanggo anakke dhewe ya karo kanggo keluarga. Sasampunipun ngidak tigan menika penganten putri mijiki samparanipun manten kakung. Maknanipun supados pinanggih resik samudayanipun, lan atur pakurmatan antawisipun garwa kaliyan kang kakung.

Nanang : Sinduran piyambak menika menapa, kok warninipun abrit kaliyan pethak? Menapa wonten pralambang utawi maknanipun piyambak-piyambak?

PNT. 02 : Sindur utawa lendhang kakalungaken wonten ing pundhake pinanganten sekalian ingkang nggambaraken bilih kekalihipun sampun dados setunggal. Warna sindur menika abang lan putih. Abang wonten ing tengah menika nggambaraken jejering wanita, ingkang warna putih wonten ing sapinggire lendhang menika nggambaraken Kakung. Dados kakung wajib ngayomi dhumateng garwanipun.

Nanang : Kenging menapa kok anggenipun mbekta sindur menika ingkang Rama, boten ingkang Ibu? Menapa wonten maknanipun?

PNT. 02 : Jejering tiyang sepuh menika nggadhahi tanggél jawab nuntun dhumateng ingkang putra inggih pinanganten sarimbit anggenipun badhe gesang bebrayan murih boten nalisir saking paugeraning agami utawi paugeraning nagari. Minangka tiyang sepuh, Bapak tansah asung tuladha paring conto dhateng putranipun, ewondene Ibu ingkang tindak wonten ing sawingkingipun penganten jejering Ibu tansah Tut wuri tindake penganten, ngawas-awasi pinanganten saking wingking.

Nanang : Acara Pangkon menika menapa Bapa?

PNT. 02 : **Manten sekalian kapangku dening Bapakipun penganten putri. Menika nggambaraken tiyang sepuh boten badhe beda-bedakaken antawisipun putra piyambak menapa dene putra mantu.**

Nanang : *Kening menapa kok wonten acara Tanem utawi Tandur? Lajeng maknanipun menapa?*

PNT. 02 : **Pinanganten kalenggahaken sesarengan dening Bapak pinanganten putri, ngemu teges bilih pinanganten sampun pikantuk pangestu saha kaberkahan saking tiyang sepuhipun.**

Nanang : *Menapa mawon isinipun guna kaya utawi kacar-kucur menika?*

PNT. 02 : **Acara guna kaya kuwe dumadi saking kacang kawak, dhele kawak, uwos utawa gabah, saha arto receh.**

Nanang : *Lajeng maknanipun utawi tegesipun acara guna kaya menika menapa?*

PNT. 02 : **Menika nggambaraken karaharjaning keluarga. Karaharjaning keluarga kacar kucur kawutahaken ing pangkone manten putri, ngemu teges bilih jejering Kakung nggadhahi tanggul jawab paring nafkah sandhang, papan, pengayoman, nafkah lahir ugi nafkah bathi kagem garwanipun.**

Sasampunipun menika kacar-kucur kaaturaken dhumateng Ibu penanganten putri, ngemu teges bilih putra pinanganten atur pakurmatan saha pamaturnuwun dhumateng labuh-labeting tiyang sepuhipun, mirungganipun dhateng Ibu. Mila kacar-kucur kaaturaken dhateng Ibu, boten dhateng Bapak. Ngemu teges bilih Ibu sampun nggulawenthah wiwit kinandhut-lair-ngantos ageng ingkang samangke sampun kawengku dening Kakung.

Nanang : *Acara “kembul bujana andrawina utawi dhahar sekul walimahan” menika menapa? Lajeng makna utawi tegesipun acara menika menapa?*

PNT. 02 : **Setunggal piring kadhahar sesarengan. Piring nggambaraken keluarga. Dhahar sesarengan kanthi dulang-dulangan ngemu teges bilih wontening keluarga menika dumadi saking bapak saha Ibu, suami-istri. Antawisipun Kakung kaliyan Garwa tansah sangkul-sinangkul ing bot repot, tansah tulung-tinulung, tansah tresna-tinresnan. Dadi boten dupeh Lanang dadi menang-menangane dhewe.**

Nanang : *Acara “ngunjuk toya wening” menika menapa? Lajeng maknanipun menapa?*

PNT. 02 : **Banyu putih nggambaraken bilih anggenipun pinanganten miwiti gesang dhasaripun weninging penggalih utawi putihing penggalih,**

boten krana dhasar menapa-menapa namung krenteg krana putihing penggalih.

Nanang : Menapa pareng menawi toya wening menika dipungantos kaliyan toya sanes (teh/ kopi)?

PNT. 02 : Yen ngono yo luput. Menawi kula yo mesti tak ganti. Merga saka banyu putih kuwi wis duwe makna, duwe teges, yen diganti teh apa kopi terus maknane apa jal?. Penganten yen arep miwiti gesang bebrayan yo kudu saka putih ati lan pikirane, dudu krana dhasar napsu.

Nanang : Acara “ngaraspada utawi sungkeman” menika acara ingkang kadospundi? Lajeng maknanipun menapa?

PNT. 02 : Sungkem ngemu teges bilih pinanganten nyuwun pangestu dhumateng tiyang sepuh kekalihipun, inggih tiyang sepuhipun penganten putri menapa dene tiyang sepuhipun penganten Kakung supados dipangestoni anggenipun badhe gesang bebrayan.

Nanang : Kenging menapa sok wonten ingkang nglolos dhuwung lan mboten dipun-lolos saking manten kakung. Pundi ingkang leres lan kenging menapa kedah kados mekaten?

PNT. 02 : Lolos dhuwung iku baku lan Kudu dilolos, merga arep sowan nang tiyang sepuhipun. Sing nglolos bisa manten putrine yo bisa juru paese dhewe, ananging sing langkung berhak melolos iku perias. Kareben ora diartike sing ora bener saka sing ngerti. Kan bisa diartike dhuwung kuwi kerise sing lanang, dadi sing berhak yo juru paes baen. Yen perkara kenapa kudu dilolos yo merga arep sowan nang tiyang sepuhe, dadi ora susah nggawa-nggawa keris utawa gaman mbarang.

CATATAN WAWANCARA 01

Hari/ Tanggal : Minggu 20 Mei 2012
Waktu : Jam 10.00 – 11.30 WIB
Tempat : Desa Banyurata, Kecamatan Adimulyo
Sasaran : Orang tua pengantin 1 (Bapak M. Khasan Muchdi dan Ibu Sri Sugiarti)

Nanang : *Asmanipun sinten?*

Nanang : *Aslinipun saking pundi?*

Nanang : *Umuripun pinten?*

Nanang : *Kerjanipun wonten pundi lan dados menapa?*

Nanang : *Sampun nikah menapa dereng?*

Nanang : *Nalika pas dados penganten, menapa wonten acara temon utawi panggihipun?*

Nanang : Menurute panjenengan, pripun kesane antarane nglampahi piyambak kaliyan nek namung nonton acara temon menika?

Nanang : Wonten bedane napa boten?

Nanang : Keluarga kakung kan saking keluarga pendatang, otomatis adate ugi benten. Terus menapa nalika pas acara temon saged ngetutaken adat sing saking ngriki?

Nanang : Menawi acara adat temon saking sing Kakung kaliyan adat temon saking ngriki menapa wonten bedane? Napa mawon niku bedane?

Nanang : Menapa sampun nate duwe gawe mantu utawa manten wonten ing keluarga panjenengan?

Nanang : Lajeng pas acara menika menapa ngagem acara “panggih utawa temon” menapa boten?

Nanang : Menapa nate ndherek acara manten sing wonten panggih utawi temonipun? Tanggepan utawa pendapatipun panjenengan ngenani acarane temon menika priipun?

Nanang : Menapa panjenengan mangertos artine “panggih” utawa “temon” menika?

Nanang : Menapa panjenengan ugi mangertos menapa ingkang dipunkarepaken saking acara “panggih” utawa “temon” menika?

Nanang : Menapa panjenengan mangertos utawa paham kaliyan panyandra ingkang dipunaturaken panatacara menika?

Nanang : Menapa panjenengan mudheng lan dhong menapa mawon urutan-urutane acara ingkang dipun-candra dening panatacara menika?

Nanang : Menapa panjenengan mangertos urutan-urutane acara ingkang dipunaturaken miturut panyandra saking panatacara menika?

Nanang : Menapa panjenengan mangertos artine utawi maknaipun urutan-urutan acara panggih ingkang dipun-candra panatacara menika?

*balangan suruh
ngidek endhog*

*mijiki
rangkalan*

lungguhan lan timbangan

kacar-kucur

sungkeman

